РЦИ – Аланийы Горæтгæрон районы адæмон газет
Народная газета Пригородного района РСО – Алания

# ФИДИУÆГ
ГЛАШАТАЙ

ВЫХОДИТ с 1937 года. ЧЕТВЕРГ, 16 мая 2024 г. №57 (12641). Цена 10 руб.

## Ирон æвзаг! Мæ зынджы хай, мæ арт! Æрттив, Æхсид æнусбонтæм æдасæй!




## Горæтгæрон районы зынаргъ цæрджытæ!

Зæрдиагæй уын арфæ кæнын Ирон æвзаг æмæ литературæйы боны фæдыл! Æрвылаз æй бæрæг кæнæм 15 майы – Хетæгкаты Къостайы æнæмæлгæ "Ирон фæндыр" мыхуыры куы рацыдис, уыцы бон.

Нæ мадæлон æвзаг у нæ адæмы хæзна, æмæ йын хъуамæ стыр аргъ кæнæм. Арф хъуыды ис йæ бындуры: ирон адæмы культурæйы хæзнатæн аргъ кæнын, фæлтæрæй фæлтæрмæ сæ арæхстгай дæттын, фыдæлты хорз æгъдæуттыл фæсивæды хъомыл кæнын.

Не 'взаг куы фесæфа, уæд сæфтмæ цæуы æгас наци дæр. Цæсты гагуыйау æй хъуамæ хъахъхъæнæм!

Зынаргъ æмбæлттæ! Æвзаг у нæ культурæйы вазыгджын къабаз, литературæ та – йæ хъæздыгдзинад. Дзурут ирон – нæ мадæлон æвзагыл; архайут, цæмæй нæ кæстæртæй рохы макуы баззайа!

Иры зæдты фарнæй хайджын ут!

## Дорогие друзья!

Родной язык – самое большое сокровище каждого народа. Он является не только носителем культуры, традиций, истории нации, это душа народа. Сохранить и приумножить это богатство – долг каждого из нас.

15 мая принято отмечать День осетинского языка и литературы. Примечательно, что в этот день 125 лет назад был издан первый сборник произведений Коста Хетагурова «Осетинская лира».

В День осетинского языка и литературы хочу обратиться ко всем, кому дорого родное слово: думайте и говорите друг с другом на родном языке. Пусть он живет и передается из поколения в поколение!

***Алан ГАГЛОЕВ,***
***глава Пригородного муниципального района***

## Дорогие земляки!

Поздравляю вас с Днем осетинского языка и литературы!

Один из самых значимых и символичных праздников, он призван сохранить национальную идентичность осетинского народа, его самобытность и уникальный культурный код, составляющий духовную основу нашего общества.

Сберечь, приумножить и передать будущим поколениям это бесценное наследие – наша с вами общая задача.

Сохранение национального языка – одно из приоритетных направлений работы республиканской власти. Эта деятельность заключается в поддержке средств массовой информации, производящих программы на осетинском языке, а также лучших литераторов и журналистов, пишущих на родном языке.

В республике реализуется государственная программа, в задачи которой входит создание условий для сохранения, изучения и устойчивого развития, повышения функциональности осетинского языка.

Это все для того, чтобы осетинская речь всегда звучала в нашей жизни, а каждое новое поколение, говоря и читая на родном языке, дорожило и поддерживало духовную близость с богатыми духовными традициями предков.

Для наших младших создан и работает Центр осетинского языка, где дети и их родители могут изучать свою родную культуру, традиции, чтобы в будущем передавать эти знания уже новым поколениям.

На выразительном, многогранном, мелодичном осетинском языке пишутся научные работы, публикуются актуальные журналистские материалы, создаются литературные произведения. И в этот праздничный день хочу пожелать, чтобы осетинская речь как можно чаще звучала в нашей жизни, служила взаимопониманию, теплому душевному общению, умению слушать и слышать друг друга!

С праздником, друзья!

***Сергей МЕНЯЙЛО,***
***Глава Республики Северная Осетия – Алания***

**НАЧАЛАСЬ подписная кампания на районную газету «ФИДИУÆГ» на II полугодие 2024 года.**

**Основная цена – 734, 76 руб., льготная – 608,16 руб. НАШ ИНДЕКС – 53913.**

## Патриотическое воспитание

# Урок мужества

***С учащимися старших классов Камбилеевской СОШ №1 им. Александра Агаева по инициативе председателя Совета ветеранов Пригородного муниципального района Абесалома Хубулова прошел "Урок мужества".***




Вел его инспектор направления по связям со СМИ и общественностью ОМВД России по Пригородному району **Мурат Габараев**. Вкратце рассказав о начале Великой Отечественной войны, мужественных защитниках Брестской крепости, Северного Кавказа, в том числе и Северной Осетии, о миллионных людских потерях, он предоставил слово председателю Совета ветеранов района.

– *Гитлеровская Германия стала захватывать государства Европы, добралась до Польши. Время было тревожное. СССР не был готов к войне и в 1939 году заключил с Германией договор о ненападении. Война была неизбежна, войска фашистской Германии приблизились к границе нашей Родины.*

*Когда началась война, в военкоматах страны стояли очереди, чтобы записаться добровольцами в ряды Вооруженных Сил Советской Армии. Из Северной Осетии на фронт ушли около 90 тысяч человек, из них почти половина не вернулись домой. 33 представителя Осетии в ВОВ стали героями СССР, в последующие годы к ним прибавились еще 39. По числу населения Осетия занимает первое место по героизму,* – поведал в своем выступлении **Абесалом Хубулов**.

Далее председатель Совета ветеранов рассказал о генералах-осетинах, которые стали дважды героями СССР – Иссе Плиеве, Георгии Хетагурове, Хаджи-Умаре Мамсурове, а также о храбрости и мужестве Хаджимурзы Мильдзихова и других прославившихся осетин. Проявляя героизм на разных фронтах, они стали легендами. Отдельно он отметил Верховного главнокомандующего И.В. Сталина, вклад которого в победу был огромным.

– *В настоящее время положение в мире сложное. Западные государства во главе с США хотят задавить Россию, но у них ничего не получится. Наша армия сильна и духом, и боевым настроем,* – заключил Абесалом Хубулов.

О мужестве и героизме советских солдат во время ВОВ, о боях под Владикавказом, бессмертном героическом поступке сибирского парня Петра Барбашова, герое-снайпере Давиде Доеве, ликвидировавшем более 200 немецких солдат и офицеров, учащимся рассказала председатель Совета ветеранов ОМВД Пригородного района **Зарина Хугаева**. Она также упомянула и о подвигах осетинских ребят, выполнявших свой интернациональный долг в Афганистане, приведя в качестве примера мужества и храбрости Льва Тедеева из с. Камбилеевского, имя которого сегодня носит одна из улиц в селе.

В своем выступлении Зарина Хугаева не забыла и о проявленном нашими ребятами в СВО на Украине героизме. Продолжая традиции и славу предков, они мужественно сражаются с нацистскими бандформированиями.

В заключение председатель Совета ветеранов ОМВД Пригородного района обратилась к учащимся со словами: *"Мужество можно проявить и здесь, в гражданской жизни. Учитесь, занимайтесь спортом, достигайте вершин успеха".*

В конце урока Абесалом Хубулов и представитель казачества района **Михаил Газзаев** поздравили всех с Днем Победы и пожелали учащимся здоровья и успехов в учебе.

***Ахсар КОРТИЕВ***

**СОБРАНИЕ ПРЕДСТАВИТЕЛЕЙ
ДОНГАРОНСКОГО СЕЛЬСКОГО ПОСЕЛЕНИЯ
ПРИГОРОДНОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА
РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ – АЛАНИЯ**

**РЕШЕНИЕ**

от "07" мая 2024 г. №34 с. Донгарон

**О досрочном прекращении полномочий депутата Собрания представителей Донгаронского сельского поселения, Кабисова Алана Валерьевича**

В соответствии с Федеральным законом от 06.10.2003 г. № 131-ФЗ "Об общих принципах организации местного самоуправления в РФ", Уставом Донгаронского сельского поселения Пригородного муниципального района РСО – Алания и на основании заявления депутата Собрания представителей Донгаронского сельского поселения, Кабисова Алана Валерьевича, Собрание представителей Донгаронского сельского поселения седьмого созыва, **решило:**

1. Прекратить досрочно полномочия депутата Собрания представителей Донгаронского сельского поселения седьмого созыва, Кабисова Алана Валерьевича, избранного от партии "Единая Россия".

2. Направить данное решение в Пригородную территориальную избирательную комиссию и в Исполнительный комитет Пригородного местного отделения Партии "Единая Россия".

3. Опубликовать настоящее Решение в периодическом печатном издании – газете "Глашатай", а также разместить на официальном сайте Донгаронского сельского поселения в информационно-телекоммуникационной сети Интернет (amsdongaron.ru).

4. Настоящее Решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

***Глава
Донгаронского
сельского поселения Э.Ш. БУЛКАЕВ***

**СОБРАНИЕ ПРЕДСТАВИТЕЛЕЙ
ДОНГАРОНСКОГО СЕЛЬСКОГО ПОСЕЛЕНИЯ
ПРИГОРОДНОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА
РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ – АЛАНИЯ**

**РЕШЕНИЕ**

от "07" мая 2024 г. №33 с. Донгарон

**Об установлении дополнительных оснований признания безнадежными к взысканию недоимки и задолженности по пеням и штрафам по местным налогам**

В соответствии с частью 3 статьи 59 Налогового кодекса Российской Федерации, с Уставом Донгаронского сельского поселения Пригородного муниципального района РСО – Алания обращением Управления ФНС по РСО – Алания от 02.04.2024 №24-17/07290, Собрание представителей Сунженского сельского поселения **решило:**

**Статья 1**

1. Установить следующие дополнительные основания признания безнадежным к взысканию недоимки и задолженности по пеням и штрафам по местным налогам:

1) вынесение судебным приставом-исполнителем постановления об окончании исполнительного производства при возврате взыскателю исполнительного документа в случаях, установленных пунктами 3,4 части 1 статьи 46 Федерального закона от 2 октября 2007 года №229-ФЗ "Об исполнительном производстве", но не ранее истечения срока, установленного для предъявления исполнительных документов к исполнению;

2) наличие у налогоплательщика недоимки, задолженности по пеням и штрафам по местным налогам, в отношении которых налоговый органа утратил возможность взыскания в связи с истечением установленного срока направления требования об уплате налога, пеней, штрафов, своевременно не обратился за взысканием задолженности в суд, пропустил срок для вынесения решения и постановления о взыскании задолженности за счет имущества и срок образования указанных недоимки, пеней и штрафов превышает 5 лет;

3) наличие у налогоплательщика недоимки, задолженности по пеням и штрафам по местным налогам по состоянию на 1 января 2018 года;

4) наличие недоимки, задолженности по пеням и штрафам по земельному налогу и налогу на имущество у физического лица, умершего или объявленного судом умершим в порядке, установленном федеральным законодательством, по истечению трех лет со дня смерти физического лица или дня вступления в законную силу решения суда об объявлении физического лица умершим при отказе наследников от прав на наследство, отсутствии наследников, а также в иных случаях непринятия наследства.

2. Установить следующий перечень документов, подтверждающих обстоятельства признания безнадежными к взысканию недоимки и задолженности:

1) при наличии основания, указанного в пункте 1 части 1 настоящей статьи:

а) копия постановления судебного пристава-исполнителя об окончании исполнительного производства и о возвращении взыскателю исполнительного документа;

б) справка налогового органа о суммах недоимки и задолженности по пеням и штрафам с приложенной к ней расшифровкой периода образования задолженности;

2) при наличии основания, указанного в пункте 2 части 1 настоящей статьи:

а) справка налогового органа о суммах недоимки и задолженности по пеням и штрафам с приложенной к ней расшифровкой периода образования задолженности;

3) при наличии основания, указанного в пункте 3 части 1 настоящей статьи:

а) справка налогового органа о суммах недоимки и задолженности по пеням и штрафам с приложенной к ней расшифровкой периода образования задолженности;

б) требование об уплате налога, пени и штрафов по форме, утвержденной федеральным органом исполнительной власти, уполномоченным по контролю и надзору в области налогов и сборов;

4) при наличии основания, указанного в пункте 4 части 1 настоящей статьи:

а)сведения о государственной регистрации смерти физического лица, полученные от органов, осуществляющих регистрацию актов гражданского состояния физических лиц, или копию вступившего в законную силу решения суда о об объявлении физического лица умершим;

б) справка налогового органа о суммах недоимки и задолженности по пеням и штрафам с приложенной к ней расшифровкой периода образования задолженности;

в) требование об уплате налога, пени и штрафов по форме, утвержденной федеральными органами исполнительной власти, уполномоченными по контролю и надзору в области налогов и сборов.

**Статья 2**

Опубликовать настоящее Решение в периодическом печатном издании – газете "Глашатай", а также разместить на официальном сайте Донгаронского сельского поселения в информационно-телекоммуникационной сети Интернет.

**Статья 3**

Настоящее Решение вступает в силу по истечению одного месяца со дня его официального опубликования.

***Глава
Донгаронского
сельского поселения Э.Ш. БУЛКАЕВ***

**Администрация Куртатского сельского поселения
Пригородного муниципального района
Республики Северная Осетия – Алания**

**ПОСТАНОВЛЕНИЕ**

от "07" мая 2024 г. № 02

**О внесении изменений в Административный регламент "Выдача порубочного билета на вырубку (снос) зеленых насаждений на территории Куртатского сельского поселения Пригородного района"**

В целях приведения Административного регламента "Выдача порубочного билета на вырубку (снос) зеленых насаждений на территории Куртатского сельского поселения Пригородного района", утверждæнного постановлением администрации Куртатского сельского поселения от 30.11.2015 г. № 22, в соответствие с требованиями федерального законодательства, руководствуясь Федеральным законом от 06.10.2003 г. № 131-ФЗ "Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской федерации", Законом Республики Северная Осетия – Алания от 25.04.2006 г. № 24-РЗ "О местном самоуправлении в РСО – Алания", Федеральным законом от 27.07.2010 г. № 210-ФЗ "Об организации предоставления государственных и муниципальных услуг", Уставом Куртатского сельского поселения Пригородного муниципального района РСО – Алания, **постановляю:**

1. Пункт 2.3. Административного регламента по предоставлению муниципальной услуги ""Выдача порубочного билета на вырубку (снос) зеленых насаждений на территории Куртатского сельского поселения Пригородного района"", утвержденный постановлением администрации Куртатского сельского поселения № 22 от 30.11.2015 г. изложить в следующей редакции:

"2.3. Для получения муниципальной услуги заявителем представляются следующие документы:

✓заявление о предоставлении муниципальной услуги по форме согласно приложению 1 к настоящему регламенту, которое подается или направляется в администрацию заявителем по его выбору лично или посредством почтовой связи на бумажном носителе либо в форме электронных документов с использованием информационно-телекоммуникационной сети Интернет с соблюдением установленных порядка и способов подачи таких заявлений;

✓копия документа, подтверждающего личность заявителя или личность представителя заявителя, если заявление представляется представителем заявителя;

✓документ, подтверждающий полномочия представителя заявителя в случае, если с заявлением о предоставлении муниципальной услуги обращается представитель заявителя;

✓информация о сроке выполнения работ;

✓банковские реквизиты заявителя;

✓документы, подтверждающие необходимость производства работ, требующих вырубки (уничтожения) зелæных насаждений на определенном земельном участке.".

2. Подпункт 3.2.3. пункта 3.2. административного регламента признать утратившим силу.

3. Приложение № 4 к административному регламенту, утвержденному постановлением № 22 от 30.11.2015 г. признать утратившим силу.

4. Опубликовать настоящее Постановление в периодическом печатном издании – газете "Глашатай", а также разместить на официальном сайте Куртатского сельского поселения в информационно – телекоммуникационной сети Интернет (http://www.ams.kurtat.ru).

5. Контроль за исполнением настоящего постановления оставляю за собой.

***Врио главы
Куртатского сельского поселения А.Ф. КАЛИЦЕВ***

## Прокуратура разъясняет

# Новая схема мошенничества

***Мошенники стали использовать чат-боты при общении на сайтах знакомств, чтобы обманывать больше людей.***

Принцип следующий: мошенник не переписывается с пользователем самостоятельно, а генерирует ответы с помощью чат-бота. Злоумышленнику ничего не нужно придумывать – чат-бот предложит наиболее привлекательные для собеседника фразы. Отмечается, что эта технология позволяет злоумышленникам получить деньги не от одного, а сразу от нескольких пользователей, так как чат-бот автоматизирует процесс общения с потенциальными жертвами.

***Прокуратура Пригородного района***




# Ирон æвзаг

Фыццаг рæстæджы дæр стыр аргъ кодтам уырыссаг æвзагæн. Дзæбæх ныхас зæгъын нæ-иу куы фæндыдис, уæд-иу загътам: "Дæ лæппу уырыссагау базонæд". Кадджын нæм уыдис гуырдзиаг æвзаг дæр. Æрмæст нæ цæсты нæ уыдис æрдуйы аргъ дæр нæ фыдæлты æвзаг, ирон æвзагæн.

Уыйадыл нæ уд лæвæрдтам уырыссаг æвзагмæ æмæ нæ ирон ныхасыл нæ фæцайдагъ стæм нæ скъолайы, нæ бинонты 'хсæн. Сæдæ азæй фылдæр рацыдис, ирон æвзагыл фыст чиныг куы сæвзæрдис, уæдæй, фæлæ уадиссаг ницы ма сцырын ис ирон чиныг. Цæмæн нæ хъуыдис чиныг ирон æвзагыл? Цас ирон æвзаг тагъддæр ферох кодтаиккам æмæ тагъддæр сдзырдтаиккам уырыссаг æвзагыл, уыйас рæвдздæр уыдис паддзахы дуджы хицауады политикæ дæр кæройнаг къаннæг мыггæгты 'хсæн.

Революци асаста, паддзахы къухы цы адæмтæ уыдис, уыдоны рæхыстæ. Алы адæмæн, алы дзыллæйæн бар ис, сæ зонд, сæ хъару æмæ се 'гъдæуттæм гæсгæ саразой сæ цард кæрæй-кæронмæ. Куыд аразздыстæм мах нæ царды бындур? Æмдзу кæндзыстæм дунейы кусæг адæмимæ, уыдонæй нын хицæн кæнæн нæй, куыд иунæг æртахæн нæй фæхицæнгæнæн стыр денджызæй. Фæлæ уыцы кусæг адæмæн фæдисонæн дæр не сбæздзыстæм, сæрæн куы нæ уæм, нæ къахыл æдæргæ куы нæ лæууæм. Цæмæй нæ къахыл слæууæм, уымæн та сæйраг амæлттæй иу у не 'взаг. Æрмæст æвзаджы руаджы райхъал уыдзæн нæ зонд, æрмæст уый фæрцы æнæ фæрисгæйæ бауыдзыстæм хайджын сæрибары æрхæсгæ хæзнатæй. Размæ нæ ацæудзыстæм, нæ зонд не стыхджын уыдзæн, йæ фисынтæ йын нæхи æвзагыл куы нæ самайæм, йæ уидæгтæ йын нæхи æвзагыл куы нæ сфидар кæнæм.

Зынгæ уырыссаг ахуыргонд Потебня куыд зæгъы, афтæмæй зонд æмæ æвзаг иу сты, ном цы хъуыдыйæн нæй, уый йæхæдæг дæр нæй, æнæ дзургæйæ хъуыды кæнæн нæй. Уымæ гæсгæ нæ зонды фæрæзтæ, нæ зонды ахастытæ баст сты, сывæллонæй цы 'взагыл байдыдтам дзурын, нæ мадæлтæ нын авдæны зарджытæ кæуыл кодтой, уыцы æвзагимæ. Æцæгæлон æвзагыл адæймаг зонды мæсыг нæ самайдзæн. Къостайæн йæ уырыссаг фыстытæ аив сты, фæлæ йæ "Ирон фæндыры" хъазт арвмæ дæр хъуысы.

Революци нæ ссæрибар кодта: хицауад кæнæм нæхæдæг нæ бæстыл, алы хъуыддаг у нæхи аразинаг. Кæд бамбардзыстæм хуыздæр кæрæдзийы? Куыд рæвдздæр ацæудзæнис нæ куыст? Мадæлон нæ, фæлæ æндæр æвзагыл куы дзурæм, уæд нæ культурæ æххæстæй саразын нæ къухы нæ бафтдзæн. Нæ хъуыддаг аразæндæтты ирон ныхас куы нæ хъусæм, уæд хъуыддаг дæр хорз нæ уыдзæн.

Чиныг куы нæ сарæх кæнæм ирон æвзагыл, уæд нæ адæмы талынгæй рухсмæ никуы ракæндзыстæм, уымæн æмæ нырма бирæ афонтæ ацæудзысты, цалынмæ нæ ирон дзыллæ сæ мадæлон æвзаг ферох кæной æмæ уырыссаг кæнæ æндæр культурон æвзаг райсой. Уымæ гæсгæ нæ тынг зæрдиагæй хъæуы базилын не 'взагмæ, æмæ йын æппæты разæй скъолаты, цы аккаг у, ахæм бынат скæнæм.

## Цы 'взагыл ахуыр кæнын хъæуы ног скъолайы

Зæронд скъола куыста зæронд хицæуттæн.

Зæронд хицауад знаджы цæстæй кастис кæройнаг мыггæгтæм.

Зæронд хицауады фæндыдис, цæмæй чысыл мыггæгтæн рæхджы сæ кой фесæфтаид æмæ сæ мадæлон æвзæгтæ уырыссаг æвзагæй раивтаиккой. Паддзахы рæстæджы кæройнаг дзыллæты 'хсæн цы скъолатæ куыстой, уыдон нæ хастой адæмæн рухс, фæлæ æххæст кодтой æрмæст хицауады фæндон.

Уырыссаг æвзаг, паддзахы ном, дины хъуыддаг уыдысты нæ зæронд скъолайæн йæ астæуккаг цæджындзтæ. Йæ мады æвзагыл-иу хорз нæма фæцайдагъ ис ирон сывæллон, æмæ-иу æй скъолайы уырыссаг æвзагыл сæхæдæг бафтыдтой. Зæронд скъола удхарæй мардта сывæллæтты, хæццæ сын кодта сæ зонд æмæ-иу сын бацамыдта æрмæст цъæррæмыхст уырыссагау дзурын. Сæфтмæ цыдысты сывæллæттæ зæронд скъолайы.

Советон хицауад ссæст адæмæн сæ рæхыстæ атыдта. Советон хицауад чысыл мыггæгтæн сæ царды рохтæ сæхимæ радта æмæ сын рухсы дуар байгом кодта. Нæ бон у, не скъолайы бындур сæвæрæм нæ царды домæнттæм гæсгæ. Нæ бон у сарæзын ног скъола.

Ахæм скъола, нæ фæсивæд æнцонæй кæм бамбарой дунейы æгъдæуттæ, кæм сфæлтæрой кусын æмæ сæрибар цард аразын. Æмæ уыцы скъола æрмæст уæд сырæздзæнис, æрмæст уæд ракæндзыстæм нæ кусæг адæмы талынгæй рухсмæ, скъолайы нæ сывæллæтты ахуыр куы кæнæм сæ мадæлон æвзагыл. Æндæр æвзагæй куы фæдзурынц скъолайы сывæллонмæ, уæд ын цас зын вæййы, цас хъæуы йæ удæй, уый æрмæст, йæ хъусты къæрмæджытæ кæмæн ис, ахæм адæймаг не 'мбары. Цалынмæ сывæллон æндæр æвзагыл фæцайдагъ вæййы æдæрсгæ, уалынмæ йæ ахуыр размæ нæ цæуы, уалынмæ йæ зонд рæзынæй банцайы. Æмæ махмæ нырма никуы уыдис ахæм хъæуккон скъола, æмæ дзы сывæллæттæ уырыссагау кæнæ гуырдзиагау дзырдтаиккой æдæрсгæ. Фæнды йæ сæрыл цæуын ахуыр кæн сывæллоны, фæнды йын, цы 'взаг не 'мбары, уыцы æвзагыл араз йæ зонады фæндæгтæ. Сывæллонмæ дзурын хъæуы, кæй зоны, бинонты 'хсæн кæй хъусы, уыцы 'взагыл.

Уæд скъолайы куыст, скъолайы хъуыддаг, æрдзæй куыд баззадис, уыцы уагыл æвæрд уыдзæнис. Æнцон нæу ирон чингуытæ рауадзын, æнцон нæу ахуыргæнджытæ бацæттæ кæнын, фæлæ æндæр фæрæз нæй. Нæ уд хъуамæ раттæм æмæ, æппын мæгуыр, ацы дыууæ-æртæ азы дæргъы нæ хъæуккон скъолаты ирон æвзагыл ныллæууын кæнæм.

***ТЫБЫЛТЫ Алыксандр***
***1924 аз.***

## Не 'взаг – нæ историон адрис

Нæ фыдæлтæй нын хорзæй цы баззад, уыдон сты ирон æвзаг, ирон фарн æмæ æгъдау. Ирон æвзаг нæ фæхицæн кæнын нæ уадзы нæ даргъ æмæ уæрæх, сæрыстыр кæмæй стæм, уыцы историйæ, нæ ирон фарн ис нæ адæймагуарзондзинады æмæ нæ рæстдзинады, ирон æгъдау нæ бæтты кæрæдзиуыл. Æртæ дæр стыр ахъаз сты нæ иудзинадæн, фæлæ сæ сæйрагдæр у æвзаг. Мадæлон æвзаг у адæмы фарн æмæ æгъдау иу фæлтæрæй иннæмæ адæттыны сæйрагдæр фæрæз. Æвзаджы хъысмæт у адæмы хъысмæт. Адæмы фидæн баст у йæ æвзаджы фидæнимæ.

Алы нацийæн дæр тулдз бæласау ис уидæгтæ, зæнг æмæ къалиутæ. Уидæгтæ – йе 'взаг, зæнг – йе 'гъдæуттæ, къалиутæ та – йæ царды мидис. Бæласæн йæ къалиутæ куы ныццæгъдай, фæлæ йæ уидæгтæ хъыгдард куы нæ баййафой, уæд та зæнг ног къалиутæ рауадздзæн; йæ зæнг ын куы алыг кæнай, фæлæ йæ уидæгтæ цардхъомæй куы баззайой, уæд та тау суадздзысты, æмæ йын зæнг дæр уыдзæн, æмæ къалиутæ дæр. Гъе, фæлæ йын йæ уидæгтæ куы ныллыг кæнай, уæд æрцæудзæн йе сæфт.

Ахæм хъысмæт ис алы адæмыхаттæн дæр: йæ фидæн аразгæ у йæ уидæгтæй – йе 'взаджы цардхъомæй. Æмæ йæ сæфт кæй нæ фæнды, уыцы адæм алы æцæгдзинад хъуамæ æдзухдæр йæ зæрдыл дара. Афтæ махæн, ирæттæн дæр уый иуадзыг хъуыдыйаг у. Цæмæй зонгæ-зонын нæхиуыл мæрдырох ма бафтауæм. Мингай азты сæрты нæм нæ хистæр фæлтæрты фæрцы цы рæсугъд æмæ фæрæзджын æвзаджы фарн æрхæццæ, уый мах дæр хъуамæ фидæны фæлтæртæм адæттынæн зæрдиагæй бацархайæм.

Цымæ нæ чи куыд æмбары ацы стырдæр хæс? Цавæр бæрн æнкъарæм йæ разы? Куыд ыл кусæм?

Ивгъуыд æнусы 60-æм æмæ 70-æм азты Цæгат Ирыстоны скъолайы кары фæлтæртæ иуæй-иу сонт политикты фыдæй фæиппæрд сты сæ мадæлон æвзагæй. Уæд стыхджын, ирон æвзаг Елхотæй дæлдæр никуы хъæуы, зæгъгæ, – ахæм æнæсæрфат хъуыды, æмæ мадæлон æвзаг скъолайы фæсдуармæ баппæрстой. Уыцы цæстæнгас стых хистæртыл дæр, æмæ сæ цотæй ирон æвзаг ахуыр кæнын нал домдтой. Уый нæ, фæлæ ма сын сæ уырыссаг къæлæстæм цæмæй раивтаиккой, ууыл дæр архайдтой. Æмæ уыцы хъуыддаг æнцонтæй сæ къухы æфтыд.

Афтæмæй Ирыстоны уæды фæлтæртæй иутæн сæ мадæлон æвзаг æцæгæлон фестад. Уыдон абон иронау фыссын æмæ кæсын нæ, фæлæ рæстмæ дзурын дæр нæ зонынц. Кæмæдæрты дзы фæсмон æрцæуы, фæлæ сæм тынг зын кæсы, Ирыстоны цæргæйæ, иронау дзурын, кæсын, фыссын базонын.

Адæймаг цал æвзаджы зоны, уал лæджы у, зæгъы ирон æмбисонд. Уæд, цымæ, ирон адæмæй йæхи æвзаг чи ферох кодта, афтæмæй уырыссаг дæр рæстмæ чи нæ базыдта, уыдоны та куыд хонæм? Æрдæглæгтæ?!

"Æвзаг зоны?" – афтæ-иу афарстой нæ фыдæлтæ, искæй хъуыддаджы фæдыл æндæр адæммæ æрвитгæйæ. Æндæр адæмты æвзæгтæ зонын чиныг кæсыны зонынæй уæлдай нæ уыд нæ фыдæлтæн. Фæлæ сæхи дæр никуы рох кодтой – се 'взагыл-иу уæлæхох нæ ссисты. Æндæр æвзæгтæ базонынмæ тырнын сæ цард домдта, хи æвзагыл иузæрдиондзинад та сæ туджы уыд. Уымæ гæсгæ искæй æвзаг зон, дæхи мадæлон та ма зон – уый сæм худинаг каст. Æмæ-иу Ирыстонæй дæрддзæф чи цард, уый архайдта йæ цотмæ иронау дзурынил. Рагон бердзенаг мифон хъæбатыр Антейиу зын сахаты йæ мад Зæхмæ тыхагур куыд февнæлдта, афтæ уыдоны дæр сæ райгуырæн бæстæимæ, æвзаг æмæ æгъдæуттимæ бастой. Æмæ сæ цот Ирыстоны, ирон адæмы кад кæмфæнды дæр æмæ кæдфæнды дæр хастой бæрзонд. Алы ран дæр сæ зыдтой ирæттæй – сæрыстыр, æгъдауджын, рæстаг æмæ рæдау ирæттæй.

***ЦГЪОЙТЫ Хазби***
***(мыхуыр цæуы цыбыргондæй)***

## Мадæлон æвзаг

*Мæ мадæлон æвзаг,*
*Рæсугъд дæ – нæ ком.*
*Цы фыдтæ æвзарыс,*
*Уæддæр дæ дзырдхъом!*

*Дæ зæлтæ сты нуарджын,*
*Фыдтохы – ныхджын.*
*Дæуимæ фæхатын*
*Мæхи æз тыхджын.*

*Дæу дардзынæн уазæй*
*Мæ зæрдæйы æз.*
*Æхцон у мæ удæн*
*Дæ фæрныг хъæлæс.*

*Уадз, хъуысæд нæ кæмттæй*
*Иронау нæ зард.*
*Кæндзыстæм дын табу,*
*Хæрдзыстæм дæ ард!*

***ДЫГЪУЫЗТЫ Зæлинæ***

Фарс мыхуырмæ бацæттæ кодта ГАССИТЫ Моисей

## Номарæн

# Йæ хъæбул макæмæн амæлæд

***Кобесты Жорайы фырт Олег уыд хорз хъæбул, фыд, цардæмбал, æфсымæр. Йæ цард баиу кодта Дзукъаты Русланы чызг Фатимæимæ æмæ ацы мыггагæн дæр зæрдæмæдзæугæ сиахс уыд.***



Олег æмæ Фатимæ иумæ фæцардысты 20 азы бæрц кæрæдзи æмбаргæйæ. Зæнæгæй сын рантыст æртæ чызджы æмæ иу лæппу.

Олегæн мæлыны æнхъæл ничи уыд. Æвиппайды йыл йæ дуне аталынг. Дохтыртæ дæр ын ницыуал баххуыс кодтой. Куыд нæ атыдта йæ мады зæрдæ ахæм уæззау цæфæй!

Фатимæ цыппар кæстæримæ баззад сидзæргæсæй. Уæздан æмæ æгъдауджын у. Хуыцау ын ахæм тыхтæ раттæд, æмæ йæ сывæллætты сæ къæхтыл куыд слæууын кæна. Йæ бинонтæн та сæ бон куыд уа, афтæ йын æххуыс кæндзысты, æдзухдæр уыдзысты йæ фарсмæ.

Олег уыд æмгарджын лæппу, адæмæн – уарзон, йæ къæбæр дих кодта алкæимæ дæр. Ныр йæ бинонты кæугæйæ ныууагъта. Йæ иунæг сидзæргæс хойæн арæх ныфсытæ æвæрдта, фæлæ йæ фæсайдта, йæ зæрдæ йын фæриссын кодта.

Дзæуджыхъæуы цард Олег, фæлæ-иу алы бон дæр абæрæг кодта йæ мад æмæ æфсымæры. Йе 'фсымæры ус Жаннæ æдзухдæр цины салам лæвæрдта йæ дзæнæттаг тиуæн, никуы йыл йæхи атигъ кодта, зул цæстæй йæм никуы ракаст. Лæггадгæнæг ын уыд йæ удæгасæй дæр æмæ зианы бонты дæр. Хо æмæ æфсымæры цард кодтой.

Бинонтæ бузныг сты Жаннæйы цæгатæй, ахæм æгъдауджын сылгоймаг кæй схъомыл кодтой, уый тыххæй. Оледжы бинонтæ Жаннæйы лæггад никуы ферох кæндзысты. Хуыцау дын æнæниздзинад хай кæнæд кæддæриддæр, дæ уды хай æмæ хъæбултимæ цардæй бафсæд.

Олег, зæрдиаг хъæбул, ды махæй рох никуы уыдзынæ. Кæугæ нæ ныууагътай. Мад дзыназы къуымты дæу агурæг, фæлæ уымæ дæр нал зыныс. Зæрдæ тоны, зæрдæ риссы, дихтæ кæны, фæлæ...

*Бонтæ лидзынц, рæстæг згъоры,*
*Мæдинæйы рыст зæрдæ ныддур.*
*Мад дзыназы къуымты 'нкъардæй*
*Æмæ дуармæ нымдзаст:*
*"Мæ лæппу кæд, мыййаг, фæзынд".*

Рухсаг у.

***Дæ бинонтæ***

---

**Кобесты бинонтæ стыр бузныг зæгъынц, сæ зианы рæстæг сæ фарсмæ чи 'рбалæууыд, уыцы адæмæн, æмæ хъусын кæнынц, Кобесты Олегæн йæ дыууисæдзæм боны кæнд кæй уыдзæн сабаты, 18 майы, Октябрыхъæуы Тарскæйы уынджы 10-æм хæдзары.** 332

## Мысæм дæ

# Нæ дæ рох

***Бекъойты Сикъойы чызг Оля райгуырдис уалдзыгон рæсугъддæр мæй майы Цхинвалы районы Джеры хъæуы. Йæ царды æрыгон бонтæ арвыста Камбилеевкæйы хъæуы цæргæйæ. Ам астæуккаг скъолайы фæстæ бацыд ахуыр кæнынмæ бухгалтерон скъоламæ. Каст æй фæцис иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ æмæ бацыдис кусынмæ АО "Стоматология"-мæ. Фæкуыста дзы 44 азы æнæрынцойæ.***



Оляйы йæ куысты æмбæлттæ уарзтой æмæ нымадтой хорз кусæг æмæ æмгарыл. Уый бæрæг уыдис, йæ рынчыны рæстæг æмæ йын йæ зианы боны цы лæггад бакодтой, уымæй.

Куыд зын у Оляйы тыххæй ивгъуыд афоны дзурын! Ацы хæрзуд сылгоймаг мæлын æнхъæл нæ уыдис йæхицæн, фæлæ æгъатыр низ бацыд йе уæнгты, æмæ йын дохтырты бон дæр ницыуал бацис.

Оля уарзта цард, адæмимæ царди зæрдæхæларæй. Сыхбæстæн, йе 'мбæлттæн, хиуæттæн, кæимæ куыста йæ амæлæты боны онг, уыдонæн уыдис уарзон адæймаг, фæлтæрдджын кусæг, æууæнкджын æмæ æнæхин æмгар.

Ахæм адæймаг нал ис, зæгъгæ, уыцы æвирхъау хабар фехъусгæйæ, хиуæттæй, сыхæгтæй кæй зæрдæ нæ фæрыст!

Оля, дæу хуызæн рæстуд адæймæгтæ не 'хсæнæй афонæй раздæр куыд нæ цæуой æмæ æнусмæ куыд цæрой, ахæм арфæ уæд æппæт рæстзæрдæ адæмы!

Цæрынæй цы зæххыл нæ бафсæстæ, уый дын фæлмæн уæд уыцы бæсты. Фæзæгъынц, хъæр, дам, мæрдтæм дæр хъуысы, æмæ, мыййаг, дæ уазал ингæнмæ хъарм æртæхтæ куы æрхауа, уæд æй зон: уыдон нæ зæрдæйы судзаг цæссыгтæ сты.

Оля, цы ирд фæд ныууагътай царды, стæй дæ чи зыдта, уыдоны зæрдæты, дæ уды хъармæй, де 'ххуысы хайæ чи фæхайджын ис, уыдон абон арфæ кæнынц дæуæн уыцы бæстæм.

Махæй рох никуы уыдзынæ. Ды, сылгоймаг мадызæнæг уæвгæйæ, махæн лæггад кодтай фыд, мад æмæ 'фсымæры бæсты дæр.

Ды уыдтæ нæ хæдзары фидар цæджындз, æмæ дæ бинонтыл, дæ хиуæттыл, дæ куысты æмбæлттыл хæрдмæ ауд.

Рухсаг у æмæ дзæнæты бад.

***Дæ бинонтæ*** 336



## Важно

# Прокуратура Промышленного района г. Владикавказа разъясняет

***С 17 апреля 2024 года внесены изменения в федеральное законодательство в сфере исполнительного производства, согласно которым взыскатель, должник или пристав вправе подать в суд заявление о возобновлении исполнительного производства не позже трех лет с момента устранения причин, по которым было приостановлено такое производство.***

Такое правило закреплено в Арбитражном процессуальном кодексе Российской Федерации, Гражданском процессуальном кодексе Российской Федерации, Законе об исполнительном производстве и Кодексе об административном судопроизводстве Российской Федерации.

Если производство приостановлено приставом, должник вправе представить ему заявление о возобновлении исполнительного производства не позже трех лет с момента устранения причин, по которым было приостановлено такое производство.

В случае пропуска срока (по уважительной причине) его вправе восстановить только суд. Для этого нужно ходатайство, например, взыскателя или должника.

Федеральный закон от 06.04.2024 г. № 74-ФЗ "О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации".


# Объявления * Реклама * Сообщения

## ПРОДАЕТСЯ

✓дом в с. Камбилеевском, ул. Хетагурова, 42.
***Тел. 8-928-687-06-08*** 264

✓дом в с. Камбилеевском, ул. Л. Тедеева, 54. **СРОЧНО**.
***Тел. 8-928-488-94-89*** 211

✓четырехкомнатная квартира с пристройкой, новым ремонтом, площадь 96 кв. м, два подвала, балкон, в с. Ногир, ближе к городу.
***Тел.: 8-928-067-74-66, 8-928-644-10-10*** 288

✓породистые поросята.
***Тел. 8-928-928-40-17*** 296

✓рассада.
***Тел. 8-928-856-51-41*** 301

✓рассада.
***Тел. 8-962-745-47-12*** 324

✓две дойные коровы, с. Ир, ул. Степная, 78.
***Тел.: 8-964-786-68-92 8-928-074-34-18*** 335

✓дверь двустворчатая из карагача.
***Тел. 8-909-473-54-78***

## РАЗНОЕ

✓**КАЧЕСТВЕННАЯ** настройка газовых духовок и электрических плит под быструю выпечку осетинских пирогов. **Гарантия.**
***Тел. 8-918-827-36-36*** 129

✓**ВСЕ** плиточные работы на кладбищах, памятники, уборка и покраска ограды. Быстро и качественно.
***Тел. 8-909-476-57-60*** 217

✓**ВСЕ** строительные работы.
***Тел. 8-918-820-60-16*** 235

✓**ШТУКАТУРКА,** короед, стяжка, мягкая кровля, монтажные блоки.
***Тел. 8-989-863-09-91*** 306

✓**ШПАКЛЕВКА,** штукатурка, стяжка, фундамент. гипсокартон. Покос травы.
***Тел. 8-918-703-33-67*** 330

✓**ВСЕ** отделочные и плиточные работы. Короед, шпаклевка, штукатурка, стяжка .
***Тел. 8-963-177-55-26*** 327

✓**ШТУКАТУРКА,** крыша, кладка, плитка, стяжка, обшивка под дерево, сборка лестницы, гипсокартон, фундамент. Дом под ключ.
***Тел.: 8-989-741-12-24 8-989-741-16-11*** 303

✓**КРЫША**, облицовка, штукатурка, стяжка, кладка, лестницы, бетонные работы, декоративный камень.
***Тел.: 8-963-176-71-19, 8-919-429-66-68*** 240

✓**ПОКОС** травы.
***Тел. 8-918-835-88-10*** 238

✓**ВСПАШКА** огородов мотоблоком. Покос травы.
***Тел. 8-961-825-57-57*** 278

✓**СНИМУ** одно- или двухкомнатную квартиру в с. Октябрьском.
***Тел. 8-918-833-15-86*** 309

✓**ТРЕБУЕТСЯ** одинокая женщина (без жилья) или небольшая семья для проживания с женщиной в сельской местности, все удобства. Оплата по договоренности.
***Тел. 8-967-019-07-04*** 281

✓**ТРЕБУЮТСЯ** мастера маникюра, педикюра, бровист в салон красоты в с. Ир – Восход.
***Тел. 8-906-494-65-50*** 326

✓**ТРЕБУЮТСЯ** продавец-консультант и администратор в магазин "Хумана".
***Тел. 8-928-497-21-64*** 333

✓**ТРЕБУЕТСЯ** фармацевты-провизоры в аптеку в центре с. Октябрьское (базарная площадь). График 2/2, с 9.00 до 20.00, з/п от 1300р в день.
***Тел. 8-918-829-79-85*** 333

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**

**Выезд** специалистов (круглосуточно): катафалк, оркестр, дудук, доставка ритуальных принадлежностей. **Качественно, недорого.**
**Тел.: 8-928-068-66-91, 8-918-822-06-53** 225

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**

**Круглосуточно:** обработка, купание, одевание, доставка гроба, оркестр, дудук.
***Тел. 8-928-927-38-03 (Эмма)*** 246



ФИДИУÆГ

Главный редактор ТЕДЕЕВА М.А.

**УЧРЕДИТЕЛЬ:** администрация местного самоуправления Пригородного муниципального района Республики Северная Осетия – Алания, с. Октябрьское, ул. Павла Тедеева, 129.

Газета зарегистрирована 21 июня 2012 года в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО – Алания. Регистрационный номер ПИ №ТУ 15-00074.

АДРЕС РЕДАКЦИИ И ИЗДАТЕЛЯ: 363100, с. Камбилеевское Пригородного района Республики Северная Осетия – Алания, ул. Юрия Кучиева, 4.

Время подписания в печать 17 ч. Фактически в 16.15.

ТЕЛЕФОНЫ: гл.редактор – 2-17-52; бухгалтерия – 2-31-52; отделы – 2-21-82, 2-31-52; отдел рекламы и объявлений – 2-24-16; компьютерный отдел – 2-10-03.

Газета выходит 3 раза в неделю (вторник, четверг, суббота), 156 раз в год. Издается на осетинском и русском языках.

E-mail: fidiuag@prigorod.alania.gov.ru.

За содержание материалов и рекламы ответственность несут авторы.

Тираж 2 697 экз. Заказ № 490. Индекс 362015. Печать офсетная. Типография: АО «Осетия-полиграфсервис», адрес типографии: РСО – А, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.